

GEN CHANJMAN NAN MANYÈL POU MANM YO POU NOU KA METE KÈK SÈVIS AJOU

**Tretman Pou Andikap Ki gen Rapò ak Jwèt Aza Pwogram Sètifye Biwo Sèvis ak Sipò pou Depandans lan bay (OASAS).**

Apati **1ye Janvye 2023**, MetroPlusHealth pral kouvri Tretman Pou Andikap Ki gen Rapò ak Jwèt Aza Pwogram Sètifye Biwo Sèvis ak Sipò pou Depandans lan bay (OASAS).

Ou ka jwenn Tretman Pou Andikap Ki gen Rapò ak Jwèt Aza:

- konsiltasyon fasafas; oswa
- vityèl.

Si w bezwen Tretman Pou Andikap Ki gen Rapò ak Jwèt Aza, ou ka jwenn yo nan pwogram moun ki pa entène oubyen si sa nesèsè, yon pwogram OASAS pou moun ki entène oswa rezidansyèl.

Ou pa bezwen yon referans nan men doktè fanmi w (PCP) pou w jwenn sèvis sa yo. Si w bezwen èd pou w jwenn yon founisè, tanpri rele sèvis manm MetroPlusHealth yo nan nimewo ki pi ba a.

Pou aprann plis konsènan sèvis sa yo, rele Sèvis Manm nan nan 1.800.303.9626 (TTY: 711).